



## **Peryòd aplikasyon pou pre-K a ap kòmanse an janvyè 2023!**

Chè fanmi,

Èske w genyen yon timoun ki fèt an 2019? Si wi, ou pral aplike pou pre-K ivè sa a.

Peryòd aplikasyon pou pre-K a ap kòmanse nan fen janvyè 2023, rete branche pou plis mizajou pandan n ap avanse pi pre peryòd aplikasyon an. Men sa w ka fè kounye a pou prepare:

- Eksplòre lekòl pwogram Pre-K yo nan [anyè MySchools](#) ki la pou nou fè rechèch la. Gade lis videyo pre-K yo sou [sitwèb](#) nou an, k ap montre plizyè machasuiv nan MySchools, tankou kòman pou kreye yon kont.
- Aprann kòman pou navige nan [anyè MySchools](#) - ou ka chèche opsyon pwogram tou pre w lè w antre adrès ou epi chwazi dapre bezwen w yo. Paegzanp, ou ka chwazi pwogram ki ofri pou vin chèche elèv pi ta oswa ki gen plas Head Start .
- Patisipe nan pwogram pòt ouvèt (open houses!)- Vizite pwogram yo sou entènèt oswa anpèsòn se yon bon fason pou imajine kòman li ta ka ye pou ale la. Nou mete chak sitwèb pwogram nan paj MySchools li , oswa kontakte yo dirèkteman pou konnen si y ap fè nenpòt aktivite vityèl oswa anpèsòn. Ou ka wè tou aktivite yo ak konsève yo nan kalandriye w lè w itilize nouvo [Kalandriye pou aktivite MySchools](#) nou an.

Nou ankouraje tout fanmi Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2019 pou aplike. Menmsi pitit ou ale nan yon pwogram 3-K kounye a, ou dwe toujou aplike pou pre-K.

**Ou vle jwenn plis enfòmasyon?** Ale sou [sitwèb admisyon pre-K](#) nou an. N ap voye yon seri mizajou ak rapèl pou ou pandan tout pwosesis aplikasyon an.

**Ou toujou gen kesyon?** Rele nou nan 718-935-2009 oswa ale nan [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC) ki bò lakay ou a.

Bòn chans,

Ekip pou admisyon nan lekòl primè

**Èske se youn zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon pre-K nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp). Si w pa vle yo resevwa imèl oswa yo mete non w sou okenn lis imèl ankò, tanpri klike [la a](#) pou dezabone.